

Chitsauko 6

Dudziro yechina

Renje inzvimbo yokudzoreredzwa

*“Saka tarirai, ndichamunyengera nokumuista kurenje,
ndichataura zvinofadza moyo wake.
Ndichamupa minda yake yemizambiringa zvichibva ipapo,
nomupata waAkori uve mukova wetariro kwaari;
uchapindura aripo, sapamazuva ovusikana hwake,
uye sapazuva raakabuda panyika ye igipita.”*
(Hosea 2:14-15)

Kudzoreredzwa ishoko rinofadza, richireva kuti, “ Kudzoserwa .”
Pahupenyu hwomumwe nemumwe panenguva yatinoda kudzoreredzwa.
Mwari anoziva kuti panguva yatinenge tirimukuomerwa hatinogopfuuri
pasina kushandurwa nokusimbiswa nenyasha Dzake. Mushoko raMwari
tinodzidza kuti, Mwari vanotendera kuti tifambe nomunguva yokuomerwa
asi kana nguva yasvika anesimba rokutibvisamo.

Mumwe munyori anonzi Mathew Henry anotsigira achiti:

*“Vimbiso yokuti tizorore muna Kristu Jesu, tinoiwana kana tatakura joko
rake, apo tinowana kunyaradzwa netsitsi dzake dzakadururirwa
pamuchinjikwa, kuburikidza nokufira zvivi zvedu”*

Panguva yokuomerwa urimugwenga, Mwari anotaura newe sezvaakataura
mubhuku ya Hosea achiti, “ ndichamunyengera nokumuista kurenje,
ndichataura zvinofadza moyo wake.” Zvichireva kuti, Mwari anoda kuti
ugone kunzwa izwi Rake. Mwari haaite zvokudanidzira, kuti iwe
umunzwe , asi , anongotaura newe kazevezeve sezvaakaita kuna Eria,
uyo akafukidza chiso chake mukupa rumbidzo kunaMwari. Isaya akati:
*“Unondimutsa mangwanani ose, unomutsa nzeve dzangu, kuti ndinzwe
savanodzidziswa” (Muprofiti Isaya 50:4b)*

Zvinorevei kuteerera uchidzidziswa ? Unogara mukuzvininipisa,
uchibvumira kurairwa kose kwaunopiwa. Izvi ndizvo zvaunotarirwa
kuita pakunzwa shoko raMwari, kuti uvake hukama hwakanaka Naye.

Unomboshuwira here kuva mudzidzi wekuziva zvoMweya Mutsvene ? Haungava nesimba rokutungamirirwa noMweya Mutsvene, kana usina kuzendama panaMwari. Chechipiri ndechekuti Mwari anotipa zvose zvataifanirwa kuva nazvo kubva pakutanga. Kunyangwe neminda yemizambiringa yataiva tisina, Iye anoti- ropafadza nayo . Jesu Kristu akati “ *Ini ndiri muzambiringa, imi muri matawi. Unogara mandiri, neni maari, ndiye anobereka zvibereko zvakawanda: nokuti kunze kwangu hamugoni kuita chinhu.*” (**Johane 15:5**)

Zvinoratidza kuti chinokosha muhupenyu kugara uri muna Kristu Jesu, wakabatirira zvakasimba maari. Sehunde inobereka mizambiringa, newe unofanira kubatirira pana Jesu Kristu urambire mudzidziso Yake, kuti ugova nezvibereko zvinofadza Mwari .

Vavariro yaMwari, kuti timire panzvimbo tiinesimba . Muonero womunhu akafamba nomugwenga unoshanduka. Jobo wakachema kuna Mwari akati: “ *Nokuti chinhu chandaitya chandiwira*” (**Jobo 3:25a**)
Zvakangodaro kubva mukuwirwa nedambudziko, Jobo zvaaitya zvakamusimudzira pahupenyu hwake. Nhau yake inopera namashoko aya: “ *Jehova akashandura kutapwa kwa Jobo nguva yaakanyengerera shamwari dzake: Jehova akapa Jobo zvaakanga anazvo pakutanga kaviri*” (**Jobo 42:10**)

Chimbofunga muenzaniso iwoyu, kuteerera Mwari kunoita kuti uzofara pakupedzisira. Jobo haana kutuka, kutsamwa kunyangwe kuramba Mwari, panguva yake yokutambudzika. Nesuwo tinofanira kudzidza kumiririra Mwari. Kuropafadzwa hakufanane, kumwe kunobatika, kuonekwa nameso, kumwe hakuonekwi navanhu. Somuenzaniso, hutano hwakanaka, mufaro mumhuri yako, nehukama hwakanaka naMwari ndiwo mamwe amaropafadzo asingataurwi nezvawo, nokuti tinofunga nezvehupfumi chete hunoonekwa , sekuropafadzwa. Mamwe maropafadzo atinawo ndowokurumbidza Mwari, chinyararire, nokumutenda zvichibva pasi pemoyo wedu, munezvizhinji zvaakatiitira, zvinotipa kupfachuka komufaro pamoyo. Kufamba nomugwenga imwenzira yokutsaurwa kubva munezvakakomberedza, kuti unyatsozvipira mukufunga kwako kose kunaMwari, uchimupa mbiri yose yakakodzera.

Pakupedzisira

Mwari arikuti: “ *Ndichakutungamirira kubva kugwenga .*” Kana uchifamba munguva yokuomerwa, nzwisisa kuti, Mwari haana kukusiya kana kukuramwa. Asi kuti , anoda kuwana nguva yokukudzoreredza nokukupa makomborero muhupenyu hwako. Fara munaShe nokuzvisimbisa sezvakaita Davidi paakati :

*“ Unoshuwireiko, mweya wangu?
Unoshaiwa rugare neiko mukati mangu?
Tarira kuna Mwari ;
nokuti ndichazomurumbidza hangu,
Iye muponesi wechiso changu, naMwari wangu.”*
(**Mapisarema 42: 11**)